



## Kondisyon pou jwenn Diplòm/Atestasyon Eta New York

Revize Jen 2022

Tablo ki vin apre a montre kondisyon ki an vigè aktyèlman, pou yon moun jwenn diplòm ak atestasyon. Tablo a bay yon apèsi sou kondisyon yo epi li idantifye popilasyon elèv ki gen aksè pou jwenn chak tip diplòm ak atestasyon fen etid segondè san diplòm. Yo bay kèk paj entènèt pou pèmèt nou jwenn plis enfòmasyon detaye sou kondisyon pou chak diplòm oswa atestasyon.

Pou jwenn tèks konplè sou Kondisyon pou jwenn Diplòm Etid Segondè Eta New York la, tanpri ale nan Commissioner's Regulations 8 CRR-NY 100.5 la, [Kondisyon pou jwenn Diplòm](#) ak paj entènèt NYSED la [Fòmasyon Jeneral ak Kondisyon pou Jwenn Diplòm](#). Ale sou paj entènèt [Konprann Kondisyon pou jwenn Diplòm NYS ~ Resous Familyal](#) la pou ou gen aksè avèk twa (3) feyè epi yon zouti pou suivi ki tradui nan onz (11) lang diferan.

Apati sezón otòn 2022, yon kantite lekòl yo chwazi pral eseye Pakou Endividyle Evalyasyon Travay Atis la. Pou plis enfòmasyon, ou kapab ale sou paj entènèt [Pakou Endividyle Evalyasyon Travay Atis](#) la.

Pou plis kesyon konsènan kondisyon pou jwenn diplòm oswa atestasyon yo, ou kapab kontakte Biwo Pwogram Etid ak Enstriksyon an nan [emscgradreq@nysed.gov](mailto:emscgradreq@nysed.gov) oswa rele nan (518) 474-5922.

### Diplòm Etid Segondè nan Eta New York

| Tip Diplòm     | Disponib pou         | Kondisyon yo   |
|----------------|----------------------|--|
| Diplòm Regents | Tout popilasyon elèv | <b>Kredi:</b> 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, $\frac{1}{2}$ sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan <sup>i</sup> , 2 Edikasyon fizik, epi $3\frac{1}{2}$ fakultatif |

#### Evalyasyon:

4 Egzamen Regents obligatwa<sup>ii</sup> (youn nan chak disiplin: Anglè, MMatematik,

|  |  |   |
|--|--|---|
|  |  | <p>4 Egzamen Regents <sup>ii</sup> obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal);<br/>konplete avèk siksè 1 Pakou<sup>iii.v</sup>;</p> <p>1 (youn) nan <b>Egzamen Regents</b> ki site pi wo a (san wete pakou a, si se yon Egzamen Regents) avèk yon nòt <b>60-64</b> kote distri lokal la te aksente bay yon apèl<sup>vi</sup> pou li sou baz Commissioner's Regulation 100.5(d)(7) la; epi<br/>Egzamen Regents obligatwa ki rete yo avèk yon nòt <b>65 oswa plis<sup>iv</sup></b></p> <p><b>Referans:</b> <a href="#">Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè a</a></p> |
|--|--|---|

| <b>Tip Diplòm</b>                           | <b>Disponib pou</b>     | <b>Kondisyon yo</b> |
|---|-------------------------|---------------------|
| Diplòm Regents<br>avèk Tablo<br><b>donè</b> | Tout popilasyon<br>elèv |                     |

| Tip Diplòm  | Disponib pou         | Kondisyon yo  |
|---|----------------------|---|
| Regents avèk <b>Tit Avanse</b> avèk yon nòt ki montre <b>Metriz nan Matematik</b> | Tout popilasyon elèv | <p><b>Kredi:</b> 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, <math>\frac{1}{2}</math> sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan<sup>vii</sup>, 2 Edikasyon fizik, epi 3 <math>\frac{1}{2}</math> fakiltatif</p> <p><b>Evalyasyon ak Sekans<sup>viii</sup>:</b> Ranpli tout evalyasyon ak sekans ki obligatwa pou diplòm Regents avèk tit avanse a (gade pi wo a) <b>epi</b> fè yon nòt 85 oswa plis nan chak 3 Egzamen Regents nan Matematik yo.</p> <p><b>Nòt:</b> Elèv yo bay egzanpsyony<sup>ix</sup> pou yon Egzamen Regents nan Matematik (akozi anilasyon pou COVID-19 la), kapab jwenn mansyon metriz la nan Matematik lè yo ranpli youn nan kondisyon ki vin apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>reyisi 2 Egzamen Regents nan Matematik avèk yon nòt 85 oswa ki pi wo epi te jwenn yon egzanpsyon pou yon twazyèm Egzamen Regents nan Matematik; oswa</li> <li>reyisi 1 Egzamen Regents nan Matematik avèk yon nòt 85 oswa ki pi wo epi gen yon nòt final ki se 85 oswa ki pi wo nan 2 kou Matematik anplis ki al antre nan yon Egzamen Regents yo te aksepte bay yon egzanpsyon pou li.</li> </ul> <p><b>Referans:</b> <a href="#">Apwobasyon ak So</a></p> |
| Regents avèk <b>Tit Avanse</b> avèk yon nòt ki montre <b>Metriz nan Syans</b>     | Tout popilasyon elèv | <p><b>Kredi:</b> 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik</p> <p><b>Tat p sa6t p[ly reW 9 28 508 Tm333 popi:</b> MMkM k</p>  |



| <b>Tip Diplòm</b> | <b>Disponib pou</b>                  | <b>Kondisyon yo</b>  |
|-------------------|--------------------------------------|--|
| Diplòm Lokal      | Moun ki ap<br>Aprann Anglè<br>Sèlman | <p><b>Kredi:</b> 22 inite kredi ki distribye fason ki vin apre a: 4 ELA, 4 Etid sosyal, 3 Syans, 3 Matematik, <math>\frac{1}{2}</math> sante, 1 travay atis, 1 lang nan lemonn nan, 2 Edikasyon fizik, epi 3 <math>\frac{1}{2}</math> fakiltatif</p> <p><b>Evalyasyon:</b></p> <p>4 Egzamen Regents<sup>ii</sup> obligatwa (youn nan chak disiplin: Anglè, Matematik, Syans, Etid sosyal)</p> <p>Konpw 3.4 pg42.72 Tm287 0 Td(, pm( )Tu ID 29 BDC BT0 g0 Tc ( )TjETEM0 TTEMC( )Td( )</p> |



| <b>Tip Diplòm</b>                                       | <b>Disponib pou</b>               | <b>Kondisyon yo</b> |
|---|-----------------------------------|---------------------|
| Diplòm Lokal (pa<br>mwayen<br>Detèminasyon<br>Espesyal) | Tout popilasyon<br>élèv (aplikab) |                     |

## Atestasyon pou Fen Etid Segondè San Diplòm

| <b>Tip Atestasyon</b>   | <b>Disponib pou</b>            | <b>Kondisyon yo</b>  |
|---|--------------------------------|--|
| Atestasyon Fen Etid pou Devlopman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (CDOS) nan domèn eksplorasyon | Tout elèv yo<br><b>eksepte</b> | Konplete yon plan karyè; demontre li atenn prensip aprantisaj pou nivo fen etid la pou Developman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (CDOS) nan domèn eksplorasyon ak devlopman karyè, aprantisaj entegre ak konpetans sou fondasyon inivèsè; konplete yon fason ki bay satisfaksiyon yon ekivalan pou 2 inite etid (216 èdtan) nan yon kou Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik epi nan aprantisaj nan domèn travay (san wete omwen 54 èdtan aprantisaj nan domèn travay); epi te gen omwen 1 pwofil sou aptitud nan kesyon travay ki konplete; <b>oswa</b> |
| Etid Pwofesyonèl (CDOS)   | Altènatif NYS la (NYSSA)       | Elèv la respekte kritè pou atestasyon nasyonal pou preparayon travay.  |

Nòt: Atestasyon an kapab se yon sipleman pou yon diplòm Lokal oswa Regents, oswa, si elèv la pa kapab ranpli kondisyon pou diplòm yo, yo kapab bay atestasyon an antanke atestasyon fen etid elèv la akondisyon elèv la te ale lekòl pandan omwe (a)13.4 (nk)-2.

## Nòt Final

---

- i. Elèv ki gen andikap yo kapab jwenn egzanpsyon pou kredi obligatwa nan lang nan lemonn nan si sa ekri nan IEP yo a, men, yo dwe toujou gen 22 inite kredi pou yo gradye.
- ii. Nan tout ka yo, elèv yo kapab ranplase yon evalyasyon ki parèt nan lis Egzamen Altènatif Depatman an Apwouve yo epi ki Akseptab pou Respekte Kondisyon pou jwenn yon Diplòm Lokal oswa Regents.
- iii. **Nonsèlman** tout elèv yo dwe reyisi kat (4) egzamen Regents ki obligatwa yo oswa korespondan yo nan [egzamen altènatif Depatman an apwouve](#) ki vin apre yo, yo dwe konplete **1** (youn) nan opsyon pakou yo ki vin apre yo tou:

jwenn [so pou Preparasyon Sivik](#) Eta New York la; oswa  
reyisi yon Egzamen Regents nan Matematik anplis nan yon klas diferan oswa altènatif Depatman an apwouve; oswa  
reyisi yon Egzamen Regents nan Syans anplis nan yon klas diferan oswa altènatif Depatman an apwouve; oswa  
reyisi yon Egzamen Regents nan Etid sosyal anplis nan yon klas diferan oswa altènatif Depatman an apwouve; oswa  
reyisi yon evalyasyon nan Anglè anplis nan yon klas diferan yo chwazi nan lis altènatif Depatman an apwouve a; oswa  
reyisi yon [Evalyasyon Pakou Depatman an Apwouve nan Travay Atis](#); oswa  
reyisi yon [Evalyasyon Pakou Depatman an Apwouve nan Lang nan lemonn nan](#); oswa  
konplete avèk siksè tout egzijans pou jwenn [Atestasyon Fen Etid CDOS la](#); oswa  
konplete avèk siksè yon [pwogram CTE apwouve](#), san wete evalyasyon teknik an 3 pati ki asosye avèk li a.

Yo dwe fè evalyasyon anplis la nan yon kou ki differan ak kou yo te evalye nan youn nan kat (4) egzamen obligatwa ki site pi wo a, oswa nan yon evalyasyon pakou yo apwouve nan Travay Atis, CDOS, oswa lang nan lemonn. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou paj entènèt NYSED's [Plizyè Pakou](#) a.

- iv. Yo kapab aksepte yon **egzanpsyon** evalyasyon nan plas yon Egzamen Regents, evalyasyon pakou oswa egzamen altènatif Depatman an apwouve. Ou kapab ale nan FAQ ki vin apre a pou ou jwenn plis enfòmasyon: [Jen/Out 2020](#), [Janvye 2021](#), [Jen/Out 2021](#), ak [Janvye 2022](#), epi [FAQ sou Anilasyon Egzamen Regents nan Istwa ak Gouvènman Etazini \(Kad\)](#). Epitou, si yon lekòl bay yon elèv yon **apèl espesyal**, yo ap konsidere elèv la ranpli kondisyon evalyasyon an. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan [Memo pou Apèl Espesyal](#) ak [FAQ](#).
- v. Yo kapab fè apèl pou egzamen Regents yo itilize pou ranpli kondisyon pakou a.
- vi. Pwosesis Apèl la pa aplikab pou egzamen Pakou ki pa Regents yo ak egzamen altènatif Depatman an apwouve yo.
- vii. Elèv ki gen andikap yo bay egzanpsyon pou lang nan lemonn nan ki obligatwa, ann amoni ak IEP yo a, pa bezwen konplete yon sekans nan lang nan lemonn nan ni yon sekans 5 inite nan Travay Atis oswa CTE pou yo ranpli kondisyon pou jwenn Diplòm Regents avèk tit avanse a.